ДЛЯ ЗАМЕТОК

Дир гьудул
ХIусенов МухIамад
ракIалдещвеялъе

ВАТIАН ЛЪАЗАБИ

МахIачхъала
2004

Утвеждено и одобрено учебно-методическим советом ДГПУ

Методическое пособие по краевединию на аварском языке «Родиноведение». Рекомендуется учителям, проводящим занятия по предмету «Культура и традиции народов Дагестана» в сельских школах. Переведено на аварский язык студентом 2 курса филологического факультета ДГПУ Таймасхановым И.И в 2000 году.

«Дагъистаналъул халкъазул культура ва гIадатал» абурал дарсал магIарул росабазул школазда рачунел мугIалимзабазе кумекалъулаб методикияб пособие. МагIарул мацIалде буссинабун къачIана 2000 соналъ ДГПУ-ялъул филологияб факультеталъул 2-леб курсалъул студент Шамиль районалъул ТIелекь росулъа Таймасханов ИсмагIилица.

©Гусейнов М.М., Таймасханов И.И.
© ДНЦ РАН ИЯЛИ, ФДФ ДГПУ.

ЦIалдохъабазул жавабазул хIасил гьабулаго, балагье дарсида гьезда щибжо цIияб лъан бугебали.

ЦIияб тема щула гьабун хадуб, цIалдохъабаз тетрадалда хъвала дарсил тема, план, хадурин абуни, рокъор планалда рекъон хIадурула бачIунеб (практикияб) дарсиде.

Рокъобе хIалтIи: Практикияб дарсиде къураб планалда рекъон, рокъоб тарихалъулгун этнографияб материал бакIаризе, къураб тIадкъаялъе жавабал ратизе.

8-9 дарс. БакIалъулал гIадатиял пишаби лъазари
(Практикияб дарс)

Дарсил мурад. Къураб планалда рекъон, цIалдохъабазда тема гIатIидго гIуцIизе ва бицине лъай.

Дарсие хIажалъула: берзулаб алат «Ракь хIалтIизаби», «ГIи-боцIухъанлъи», «Махщелчилъи».

Дарсил ин – лъай низамалде ккезаби.

Дарс бачиналъул къагIида (методика): лабораториялгун практикиял хIалтIаби.

1. Дарс гIуцIиялъул лахIзат.
2. Гьикъи.

Гьикъизе бегъула араб дарсида къун букIараб планалда рекъон, гьарурал хъвай-хъвагIаязде, халгьабиялде мугъчIвайги гьабун. ГIемерисеб мехалъ гьединал дарсал рачуна жалго цIалдохъабаз жавабал кьолеб, тIаде жубаялдалъун гьел мухIкан гьарулеб, къураб жавабалдасан гьез бахIс бачунеб къагIидаялъ. Гьединал дарсазда мугIалимасда цебе чIараб масъалалъун ккола тIолабго класс цере лъурал суалазе жаваб кьеялъулъ гIахьаллъизари.

3. Дарсил темаялдасан хъвай-хъвагIай (конспект) гIуцIи.

ЦIалдохъабазул жавабазул хIасил гьабулаго, мугIалимас гIуцIула дарсил темаялдасан конспект, гьебги план-конспект хIисабалда хъвазе бегъула тетрадалда. ЦIалдохъабаз конспект хъвала къокъго («суал-жаваб» хIисабалда) ва тетрадал мугIалимасухъе кьола. МугIалимас гьезул халгьабула, гьездасан жидерго пикру загьир гьабула ва къиматал лъола. Лъазабураб темабаздасан гIуцIарал конспектал къучIое росула «Дир росу» абураб сочинение хъвазе.

4. Рокъобе хIалтIи.

Темаялдасан гIуцIараб конспект бицине лъай.

Гьел суалазе мухIканаб жаваб батун хадуб байбихьула дарсил тема бутIабазде бикьизе. Дарсил тема хъвазе бегьула хьорщода, гIуцIизе бегьула темаялъе босараб харбил план, ай «Дир росу» абураб хабаралъе план.

3. <u>ЦIияб материал бицин.</u>

Бициналъул план:

1. Росдал гIадамазул аслиял пишаби: а) ракь хIалтIизаби; б) гIи-боцIи хьихьи; в) кверзул махщел.

ЦIияб материал бицунаго, мугIалимас мугъчIвай гьабула цIал-дохъабазул бугеб лъаялде, гьелда тIадеги бицуна жеги цIияб ма-териал. Гьеб кIиялъулъго бухьенги гьабун, лъай-хъвай гьабула цIалдохъаби тIаде ккечIел, гьезда ратичIел тарихазулгун, цIиял рагIабазулгун.

Росуцоязул гIадатиял пишаби лъазаризе байбихьизе тIадаб буго гIи-боцIи хьихьиялдасан ва ракь хIалтIизабиялдасан, щай гурелъул, гьеб ккола инсанасул гIумруялъулъ бищун аслиял пишабилъун. Гьелъ жаниб бачуна халкъалъул рукIа-рахъиналъул ва культураялъул цIикIкIарасеб бутIа. МугIалимас цIалдохъабазда бицуна цебе магIарулаз ракь хIалтIизабиялъе, гIи-боцIухъанлъиялъе хIалтIи-зарулел рукIарал алатазул, къагIидабазул, заманабазул ва ц.

Росулъ гIи-боцIухъанлъи лъазабулаго кIвар бугеблъун ккола гьелъул тайпа, хьихьулеб къагIида, гIи-боцIи гочарулел нухал, риидал ва хасало гьез рещтIен гьабулел мучIдул, гIи-боцIухъанлъиялда бухьен бугел халкъиял ва бакIалъулал алатал, масала, чодул, оцазул гьоко, гIи-боцIухъанлъиялъе хIалтIизабулеб букIа-раб цIарагI ва ц.

Гьединго бицине ккола магIишаталъул аслиял гурел, нахъсиял пишабазулги: ахихъанлъиялъул, найихъанлъиялъул, чанахъанлъиялъул ва ц.

Росдал гIадамазул махщел ва бетIербахъи лъазабулаго, кIвар кьезе тIадаб буго цебе киб ва кинаб бетIербахъи букIараб, гьездасан кинал цIунун хутIарал жакъа къоялде щвезегIан. Махщелалъул хъвалаго, хъвазе ккола гьелъул тартибалъулги: хIажатаб къайи-цIа хIадур гьаби, хIалтIи (продукция) гьабиялъе гьеб хIадури, гьелдасан тIагIел хIадур гьаби. Масала, квас къунцIи, боси, гьеб хIадури ва буртина гьаби. Гьединго хъвазе ккола щибаб жоялъул бакIалъулал цIаралги.

ЦЕБЕРАГIИ

1992 соналдаса нахъе нилъер республикаялъул школазда байбихьана кьезе «Дагъистаналъул халкъазул культура ва гIадатал» абураб, гьечIого гIолареб ва кIвар цIикIкIараб дарсазул курс. Гьелъул мурадлъун буго гIун бачIунеб гIелалда нилъер умумузул букIараб материалияб ва рухIияб бечелъи малъи. Амма щвалде щун гьеб курс бачине рес гьечIолъиялъе бищун кIудияб гIиллалъун ккола гьелъие кумека-лъулаб материал школазда гьечIолъи.

Дир вукIарав цIалдохъан, гьанже тарихиял гIелмабазул кандидат, педагог, гьаб тIехь бахъарав МухIамад ХIусеновасул мурад буго гьеб масъала рагIалде бахъинаби.

Авторас жиндирго тIехьалда цIар лъун буго «ВатIан лъазаби» абун ва гьеб хIакъикъаталдаги битIараблъун ккола, щай гурелъул гьесда тIехьалда жаниб кIун буго пайда босизе бигьаяб куцалъ данде гьабизе дарсил тематикаги, дарс кьеялъул ва этнографияб материал данде бакIариялъул къагIидабиги.

Дида ракIалде ккола гьаб тIехьалъул кIудияб пайда букIинин педагогал-насихIатчагIазеги, хасго «Дагъистаналъул культура ва гIадатал» абурал дарсал росабазул школазда рачунел мугIалимзабазеги

Тарихиял гIелмабазул доктор,
РФ-ялъул ва Дагъистан республикаялъул
мустахIикъав хIалтIухъан
профессор Р.М. МухIамадов

I. ЖИДЕРГО РАКЬАЛЪУЛ РУКІА-РАХЪИН ВА КУЛЬТУРА ЛЪАЗАБИЯЛЪУЛЪ ЭТНОГРАФИЯЛЪУЛ БАКІ

ЦІалул ва тарбия кьеялъул даража борхизабиялъулъ кІвар бугеб ишлъун ккола гІагараб ракь лъазаби. Школалда гІагараб ракь лъазаби – гьеб ккола гІатІидаб куцалъ жидеца гІумру гьабулеб бакІалда хурханщинаб лъазаби гуребги, тарбия кьеялъулъ ва цІалулъ кІвар бугеб бутІалъунги. Жидецаго гІумру гьабулеб бакІалъул хІакъалъулъ материал лъазабиялъ цІалдохъабазулъ цІикІкІинабула цІалуде рокьи, гьезулъ бижула гьира жалго тІад чІун, цо кинаб букІаниги махщел цебе тІезабиялде, гьеб лъазабиялде, кумек гьабула букІинесеб махщел тІаса бищиялъе.

ГІагараб ракь лъазабулез жидерго цІех-рех гьабиялъулъ пайда босула чанго батІи-батІияб гІелмуялдаса – тарихалдаса, археологиялдаса, этнографиялдаса, лингвистикаялдаса, географиялдаса, геологиялдаса. Гьедин, масала, археологаз ракьулъан ралагьула цебегосеб рукІа-рахъиналъе нугІлъи гьабулел материали-ял хІужжаби. Антропологаз лъазарула батІи-батІиял гІадамазул гьумеральул, рукьбузул ва цогидалги черхалъул гьалипалъул релъенхъваял. Лингвистаз, мацІал лъазарулаго, ралагьула гьезулъ ругел релълъен-хъваял, гьездалъун данде ккола гІадамазул тарихиябгун культуриял бухьеназул. Этнографаз лъазарула магІишатияб рукІарахъин, гьелъул хаслъи, цо кинаб букІаниги жамагІаталъул гІадатал ва гІамал-тІабигІат. ХІисаб гьабуни, этнография ккола тарихияб гІелму. Гьелъ лъазабула халкъ, гьелъул рукІа-рахъин ва маданият. РукІа-рахъин абулеб рагІуда гьоркь бичІчІизе ккола чанго соназ щулалъарал гІумруялъул хассал ва гІаммал рахъал абураб магІна. Этнографиялъул культура ккола гІадамасул гІакълуялда-лъун, гьесул квераздалъун гьабунщинаб жо, букІа гьеб рухІанияб ялъуни рукІа-рахъиналъулаб. ХІалтІул алатал, гІумру гьабиялъе рарал бакІал, хьвадизе бигьалъиялъе ургъанщинаб, ретІел-хьит, къайи-цІа – гьеб кинабго уна рукІа-рахъиналъул культураялда гьорлъе; махщел, адабият, асарал (кІалзул ялъуни хъварал), хъвай-хъвагІай, гІадатал, дин – гьел уна рухІияб культураялда гьорлъе.

КІудияб буго тарбия-лъай кьеялъулъ школазда этнографиялъул кІвар. «Тарбия кьеялъулъ этнографиялъе дица кьола кІудияб кІвар. Цойги батІияб къагІидаялъ гІумру гьабулел гІадамал рукІин лъаялъ гІадин, сунцаго гІатІид гьабуларо гІадамасул пикру», - ян хъвалеб буго Л.Н. Толстояс. ГІун бачІунеб гІелалъул гІакълуялъин

III. «ДИР РОСУ» АБУРАБ ТЕМАЯЛЪУЛ СОЧИНЕНИЯЛДЕ ХІАДУРЛЪИ ВА ГЬЕБ ХЪВАЙ

Тарихалъул ва этнографиялъул тІолабго хІажатаб материал бакІарун ва хІажатаб литература цІалун хадуб, хІадуризе ккола лъабабилеб-ахирасеб бутІаялде – «Дир росу» абураб сочинение хъвазе. Гьеб рагІалде бахъинабиялъе мугІалимас бегьула цІалдохъабазул эбел-эменги гьорлъ журазаризе, гьезул кумекалдалъун берзулаб материал: план, карта, суратал хІадуризе.

Нилъерго гІагараб ракь лъазабиялъул хІакъалъулъ хъвараб сочинение заманалдасан жеги бечед гьабизе бегьула цІияб этнографиялъул материалалдалъун ва гьеб лъугьуна «ВатІан лъазаби» абураб дарсил аслияб пайда босулеб материаллъун. Гьединго гьелъ кумек гьабизе буго цІалдохъабазда жидерго ракьалъул тарих, этнография, культура, рукІа-рахъин гьваридго бичІчІизабиялъе, хІатта гьелъул кумекалдалъун ратизе бегьула магІарул росабазда ва гІадамазда гьоркьор ругел бухьенал ва гІаммал рахъал.

Цадахълъел № 1

«Дир росу» абураб сочинениялъе план:

1. Росдал хІакъалъулъ биценал, абиял, гьелъул тарихиял памятникал.
2. Росдал гІадамазул аслияб хІалтІи-пиша.
3. Росуцоязул культура, рукІа-рахъин ва гІадатал.

Цадахълъел № 2

6-7 дарс. БакІалъулал гІадатиял пишаби лъазари.

1. <u>Дарс гІуцІи.</u>

Лъимал, рорчІами! ГІодор чІа. Дежурнияс дарсил ахиралде камуразул цІарал кье. Гьанжейин абуни, тетрадал хІадуре хъвай-хъвагІай гьабизе. Жакъа нилъеца лъазаризе руго нилъер росуцоязул гІадатиял пишаби, ай гІаммал пишаби. Гьел лъазаризе лъугьиналде, цин жаваб кьезе ккола гьал, хадур рехсарал суалазе.

2. <u>Гьикъи.</u>

Темаялда тІасан гара-чІвариялъул суалал:

1. Нилъер росуцоязул аслиял хІалтІи-пишаби, махщелал рице.
2. Гьез кинал хІалтІул алатаздаса пайда босулеб?

Практикияб дарс

«Байрамал ва гIадатал лъазари» абураб темаялдасан этнографияб материал бакIариялъе тIадкъай.

1. МагIарул байрамазда ва гIадатазда цIар, гьел тIоритIулеб заман, тарих ва гьезул мурад.
2. Байрам, гIадат кин тIобитIулеб букIараб, гьанже гьеб кин тIобитIулеб? Гьелъул тартиб хъвазе, суратал рахъизе.
3. ГIумруялъул рахъ, жинс, ригь, пиша-махщел хIисабалде босун, байрамазда щив гIахьаллъулев?
4. Байрамазулъ ва гIадатазулъ гIахьаллъулезул цIарал, гьениб гьезул бакI, тIадаб иш. Гьезул суратал рахъизе.
5. Байрамазда, гIадатазда ахIулел рукIарал кучIдул. Гьел ракIаризе ва видеокамераялда, магнитофоналда хъвазе.

абуни, этнографиялъул материал бигьаго босула. Гьелъул материал бакIариялъ ва гьелда тIад хIалтIиялъ лъимал рачуна чIахIиязул гIумруялъулгун лъай-хъваялде. Халкъалъул рукIа-рахъин, гIадат-гIамал, жалго гIадамал ва гьезул гIумруялъулъ хIалтIизарулел алатал цIалдохъабаз росула лъазаризе тIадал, гьваридаб магIнаялъул алаталлъун ва гьелдалъун гьезулъ цIикIкIуна эстетикияб бербалагьи. Гьелда тIадеги, унго-унгояб къагIидаялъ гьезда хадур лъугьаразулъ цIикIкIуна психологияб асар – ишалда гьорлъе лъугьин, гьелда тIадчIей гьаби, гьеб лъазабиялде ва гIатIид гьабиялде гьира-шавкъ; гьеб бижизе рес буго бокьараб гIелалъул лъималазулъ.

ГIагараб ракь лъазабиялдалъун рес буго цIалдохъабазулъ цебегосеб рукIа-рахъиналъул цIех-рехалде ва гьеб лъазабиялде рокьи бижизабизе. ЦIияб щиб букIаниги жидецаго рагьиялдалъун гIелму тIалаб гьаби – гьеб ккола гьанжесеб педагогикияб гIелмуялда цере чIарал масъалабазул цояб. Гьелъул буго кIиго рахъ: цIалдохъабазул халгьабиялде ва жидецаго гIелму-лъай тIалаб гьабиялде гьира цIикIкIин, жидецаго гьеб лъазабиялде гьорлъе журай ва жалго жидедаго чIун гьеб тIалаб гьабизе лъугьин.

Щибаб дарсил тема бикьун бугоункъо сагIаталде, гьездасан кIиго сагIат Теориялъулаб (гьениб мугIалимас лъималазул лъай-хъвай гьабула аслиял Теориялъулаб хIалтIабазулгун) ва кIиго сагIат практи-каялъул (гьезда лъималаз гIахьаллъи гьабула бакIалъулаб гIумруя-лъулъ, тIуразарула гьелда хурхарал тIадкъаял). Практикияб дарсазда мугIалимас цIалдохъабазда малъула этнографиял баянал ракIаризе ва гьелда хурхарал экскурсиял гьаризе. Практикиял дарсал гьечIого гIоларо байбихьул материал бакIаризе ва гьелъул рахъалъ жидерго пикру букIиналъе хIажалъула:

1) росу гIуцIиялъул, гьелъул рачIиналъул, бакIалъулаб культураялъул ва рукIа-рахъиналъул гьенир гIумру гьабулел гIадамазда (росуцоязда) гьикъизе;
2) рукIа-рахъиналъе, гIумру гьабиялъе хIажалъулеб къайи-цIа лъазабизе (хIалтIул алатал, мина-руссен, ретIел-хьит ва гь.ц.);

Гьелъие кумекалъе хIалтIизаризе бегьула пайда босизе бегьулел тIагIел-алатал ва къагIидаби: бегьула борцине, цIазе, квералъ, фотоаппаратталъ сурат бахъизе, магнитофоналъ хъвай-хъвагIай гьабизе, видеокамераялъ бахъизе ва гь.ц.

Щибаб тема лъазаби хурхараб буго рукIа-рахъиналъул ва рухIияб культураялда, гьеб лъазабиялъул хассал методикиял къагIидабазда. МугIалимзабазги тIоцебесеб иргаялда тIадчIей гьабизе бегьула культураялъул ва рукIа-рахъиналъул аслиял рахъал лъазариялда (росу, минаби, ретIел-хьит, квен-тIех, аслияб кверзул махщел, бакIалъулаб адабият, гIадатал, байрамал ва гь.ц.).

Этнографиялда тIад хIалтIулев щивав мугIалимасда цере чIарал аслиял масъалабазул цояблъун ккола щиб темаялда тIад хIалтIилев абураб суал. Гьелъие жаваб кьей гьедигIанго бигьаяб ишлъун кколаро, щай гурелъул щибаб тема бищи хурхараб буго мугIалимасул хIадурлъиялдаги, школалда тарбия-лъай кьеялъул масъалабаздаги.

Цойгидазда данде ккун, бичIчIизабизе бигьаяблъун ва ракI балеблъун ккола цо кинаб букIаниги миллаталъул, халкъалъул, жамагIаталъул культура, щай гурелъул гьелъулъ бигьаяб буго аралъул халгьабизеги, гьеб гьанжеселда данде кквезеги, гьелъул цебетIеялъул цо чIараб заман босизеги. Гьединго цо миллаталъул культура бигьаяб буго гIаммаб культураялдасан байбихьи гьабун лъазабизе.

Этнографиялъул рахъалъ босани, гIагараб ракь лъазаби гьадинал бутIабазде бикьизе бегьула:

1. ЦIалдохъаби цIех-рех гьабиялде хIадурлъи.
2. Гьелда хурхараб материал бакIари.
3. Школалъул музеялда этнографиялъул бокIон гIуцIи.
4. Этнографияб материал «ВатIан лъазаби» (Дагъистаналъул халкъазул культура ва гIадатал) абураб дарсие пайда босизелъун хIалтIизаби.

Дагъистаналъул цо халкъалъул культура, рукIа-рахъин лъазабизе пайда босизе бегьула гьал хадур рехсарал темабаздасан:

1. Росдал гIадамазул материалияб культура ва рукIа-рахъин.
2. ГIадамаз гIумру гьабулел бакIал гьанже ва цере.
3. Рукъалъулаб пиша-иш, бетIербахъи ва махщел.
4. Миллаталъул гIадатияб ретIел-хьит, ахирал соназда, 10 соналда жаниб гьелъулъ ккарал хиса-басиял.
5. Мина-къайи, магIишатиял ва гIаммал рарал бакIал.
6. Гьанжесел ва цересел гIадатал ва байрамал.
7. Халкъиял кIалзул асарал.
8. Географиялъул ва бакIалъул къагIиядалъ росдада абулеб цIар.

§ 10. Байрамал ва гIадатал лъазари.

Халкъиял байрамал ва гIадатал ккола цо кинаб букIаниги лъугьа-бахъин кIодо гьабун, жидеего хасиятаб ретIел-хьитгун, кечIмакъангун, ялъуни гьеб гьечIого жамагIаталъ гьарулел данделъаби. ГIадатаздалъун гьедин тIоритIулел данделъабазул мурадлъун букIана тIабигIаталде асар гьаби (цере гьелда божулаан), къварилъабаздаса цIуни, бечедаб тIорщел бакIари, гIи-боцIи цIуни, рукIарахъин, гIумру лъикIлъи. ГIадатал раккана жеги бусурбабазул, христианазул динал раккилалдего ва гьезул цо-цоязулъ жеги цIунун хутIун рукIуна бакъ-моцIалъе, цIа-лъималъе, тIабигIиял гIаламатазе, хIайваназе лъагълъи гьабиялъе, рухIал тIадегIан гьариялъе ва ц. бухьен бугел рахъалги.

Байрамал ва гIадатал рикьула календаразулаздеги хъизамалъулаздеги. Календаралъулазда гьоркьоре уна ракь хIалтIизабиялда, гIи-боцIухъанлъиялда, ччугIихъанлъиялда бухьен бугел, хъизамалъулазда – гьелъул гIумруялъулгун бухьен бугел гIадатал: лъимал гьари, гьел балугълъиялде рахин, бертин гьаби, чи хвей ва гь.ц.

МагIарулазул жамагIаталъулгун хъизамалъулаб гIумруялда гьоркьор рукIине бегьула батIи-батIиял байрамал ва гIадатал: тIорщел бекьи, бакIари, лъимер гьаби, гьелъие гIелму щвей, бертин гьаби, хвел букъи ва ц. Гьанжеги цо-цо жамагIатазул ва росабазул гIумруялъул щулияб бухьен буго гIадатазулгун, тарихалъулгун, тIабигIиял, экономикиял, этнографиял рахъазулгун. ЦIиял раккулел гIадатазулъ, гIумрудулъ кинал хиса-басиял кканиги, цIунун ялъуни дагьалго хисизарун хIалтIизарула басриял гIадаталги.

Хасаб кIвар кьун лъазаризе ккола магIарулазул халкъияб календаралда хурхарал гIадатал. Халкъияб календарь – гьеб буго росдал магIи-шаталъул хIалбихьиялъул ва тIабигIаталда хадуб чанго гIасрабаз халкквеялъул хIасил. Гьелъ рихьизарула лъагIалида жанир тIабигIаталда кколел хиса-басиял, гьелъулъ агрономия, фенология, астрономия, метеорология гIадал гIелмабазул бутIабиги.

Халкъиял байрамал ва гIадатал лъазарулаго тIадаб буго гьезулъ мухIканаб куцалъ бицен гьабизе, цо-цо лахIзатазул суратал рахъизе, кучIдул видеокамераялда, магнитофоналда хъвазе ва квералъ хъван ракIаризе. Гьединго кIвар кьезе ккола диниял сабабазде, квешлъабаздаса цIуниялъе ралел жалазде, мухIканго хъвазе ккола гьел кин ралел ва сундуе хIалтIизарулел рукIарал.

гьелда бухьен бугеб тарихалъулгун, гьелъул хIакъалъулъ лъалел гIадамазулгун ва жалго махщелчагIазулгун лъай-хъвай гьабизе.

Дагъистаналъул халкъияб декоративияб махщел: халичаби, тIансаби ресси, цIулада, ганчIида, маххуда, рокьода накъищ бахъи, тIупариялъул махщел, щегI гьаби жеги букIине кколеб даражаялда лъазабун гьечIо. Гьединлъидал гьеб лъазабизе байбихьизе ккола гьеб махщелалъул тIагIел-алатал ракIариялдаса. Гьанже гьел завод-фабриказда хIадурулел рукIаниги, цересел кверзул махщелаздалъун гьарурал тIагIелазул къимат цIикIкIараб букIуна. Бокьараб махщелалъул хIакъалъулъ гьелъие гьунар бугел устарзабазда, заводалда хIалтIулезул гьелъул махщел бугел, гIемераб заманалъ хIалтIарал гIадамазда цIехон лъазабизе ккола. РакIаризе ккола гьеб махщел бачIиналъул тарихалъул, тIагIел-алатал гьарулел къагIидабазул, гьезул гьалипазул, къачIалел куцалъул, рича-хисиялъул хIакъалъулъ баянал. Гьединго дагьаб гьечIо церегосел ва гьанжесел тIагIел-алатал цоцазда данде ккеялъул ва гьезул батIалъабазул баяназул кIвар. Щварал баянал хъван, тIагIелазул суратал ва чертежал рахъун тезе ккола. Лъазе ккола магIарул халкъияб махщалил централ: ГIанди, ГьоцIалъ, Унсоколо ва ц.

Практикияб дарс

«ТIагIел гьабиялъул ва гьеб къачIаялъул махщел лъазаби» абураб темаялдасан этнографиялъул материал бакIариялъе тIадкъай.

1. Художествияб махщелалда цIар.
2. Художествияб махщелалъул тарих, гьеб бакки, гьабиялъул ва тIагIел бича-хисиялъул бухьенал. Махщелалде ругьун гьарулеб къагIида. ХIалтIи гьабиялъул къотIи-къай.
3. МагIарул церегосел цIар рагIарал махщелчагIи, гьезул гIумруялъул бицине.
4. Цересел махщелчагIаз хIадурулел рукIарал тIагIелазул батIалъаби. Гьезул сипат-сурат гьабизе.
5. Цере тIагIелал гьарулел рукIараб къагIида. ТIагIел гьабиялъул тартиб, гьелъие хIажалъулеб къайи-цIа, алат ва гьеб гьабулеб бакI.
6. Гьанжесел махщелал. ТIагIел гьабиялъе хIажалъулеб къайи-цIа, шартIал, гьарулеб къагIида ва гьелде цогидал ругьун гьари. ХIалтIул рачIин. ЛъикIал устарзаби ва гьезул гIумру.

Кумекалъулаб тIехь хъвалаго, авторас хIалтIизабуна Россиялъул ГIелмияб Академиялъул ва Дагъистаналъул ГIелмияб централъул тарихалъул, археологиялъул, этнографиялъул отделазул хIалтIухъабаз бакIарараб ва хъвараб этнографияб материал.

Гьадинаб хIалтIи бачиналъ, ва цIалдохъаби жалго цIех-рех гьабиялъул хIалтIуда гьорлъ журазариялъ гIаммаб тарихалда гьоркьобе гIагараб ракь лъазабиги ккола, гьелде тIадеги цIалдохъабазулъ гьоркьоса къотIи гьечIеблъун лъугьуна тарбия-лъай кьеялъулаб хIалтIи.

Гьаб тIехь бахъаразул мурад буго цIалдохъабазулъ гIагараб ракьалъул этнографияб материал бакIариялде рокьи бижизаби, гьел «Дир росу» абураб сочинение хъваялде хIадури. Нижер пикруялда рекъон, гьединаб къагIидаялдалъун, ай мугIалимасул нухмалъиялда гьоркь цIалдохъабаз жидецаго материал бакIариялдалъун, нилъеда кIола гIун бачIунеб гIелалъул ВатIаналде рокьи бижизабизе, цойгидал халкъазул, миллатазул адаб гьабиялде гьел рачине, культура, гIадатал ва миллаталъул тIадегIанлъи цIуниялде гьел ахIизе.

II. ЭТНОГРАФИЯБ МАТЕРИАЛ БАКIАРИЯЛЪУЛ МЕТОДИКА

Теориялъулаб дарс

§ 1. ЖамагIаталъул гIадатал лъазари.

Цебегоялдаса нахъе Дагъистаналъул халкъалъулъ жеги цIунун буго аслияб куцалъ бихьиназдаса гIуцIараб нухмалъиялъулаб гIуцIи, гьелдаги жамагIатан абула. Щибаб росдал жамагIаталда цебе чIараб аслияб масъалалъун ккола жидехъего умумуздаса щвараб лъай гIун бачIунеб гIелалъухъе кьей: росулъ цIунизе кколеб хьвада-чIвади, жамагIаталъе хасиятаб хIалтIи-пиша, мадугьалзабазулгун гьоркьорлъаби ва ц.

ГIадат – гьеб ккола цояб гIелалъ цойгидазухъе кьун, чанго гIасрабаз жамагIаталъе хасиятаб куцалъ щулалъарал хьвада-чIвадиялъул ва гIадамазул гьоркьорлъабазул къагIидаби, инсанасе хIажатал шартIал. ГIадатал раккана инсанас жамагIат гIуцIаралдаса нахъе, хIатта абизе бегьула жамагIат гIуцIиялъул кьучIлъун гьел ругиланги. Гьел щулалъула, цIилъула, хисула ва гьеб бараб буго халкъалъул гIумруялда – кинаб куцалда жамагIаталъулъ хисабасиял кканиги, гьезда рекъон хисула гIадаталги. ЖамагIаталъ щибго букIинчIеб бакIалда рахъуларо жидерго гIадатал, культура, рукIа-рахъин, хьвада-чIвади, гьелъ мугъчIвай гьабула цебе букIаралде.

Нилъер умумуз жидерго гьоркьорлъаби щула гьарулаан, нухда тIамулаан ва рекъезарулаан хасал, кирго хъвачIел, амма щивасул пикрудулъ гьитIинаб къоялдаса нахъе лъурал хьвада-чIвадиялъул къагIидабаздалъун. Цояб гIелалъ цоялъухъе кьун рачIарал гьездаса лъугьунаан гIадатал ва гьезулъ щулалъулаан гIамал-хасияталъул, гIадамазул гьоркьорлъабазул низамал. Гьединго батIи-батIиял бахIсазул суалазе жаваб батулагоги гIадамаз мугъчIвай гьабулаан гIадатазде.

Жалго гIадатазулъги гIатIидго хIисабалде босун букIуна жамагIаталъул пикру (разилъи, тамихI, ццин бахъин, гIодовегIан гьави) ва гIадамасул гIамал-тIабигIат. Цо лъица бугониги гьабураб ишалъухъ жамагIаталъ къимат кьола я разилъиялдалъун, яги разилъи гьечIолъи загьир гьабиялдалъун: «БитIараб иш гьабун буго гьас», «Гьаб щиб нахъегIанаб, къадараб пиша!» ва гь.ц. ЖамагIаталъ кквечIеб иш, лъица ургъараб бугониги, гIемераб заманалъ цIунун хутIуларо ва хола.

яб мурадлъун ккола халкъалъул цIодорлъи, нахъгIунтIи, ма-лъа-хъваял, гIумруялъул хIалбихьи загьир гьабулел абиял, кицаби, бичIчIиял рехсей.

Халкъиял кIалзул асарал хъвазе ккола щибго рагIи хисичIого, халкъалъ цоцахъе кьураб хIалалда. Хъвалаго цIунизе ккола тартиб, хIатта лъикIаб гьечIо рагIицин цебе-нахъехун хисун лъезе – гьелъ асаралъул берцинлъи, бакIалъулаб мацIалъулаб бечелъичвахиги хисизабизе бегьула. Гьоркьоб биччазе бегьуларо асарал рицарав чиясул хIакъалъулъ баянал хъвазе (фамилия, цIар, инсул цIар, миллат, ригь, лъай, махщел, гьавураб бакI, сон, гIумру гьабулеб бакIалъул мухIканаб баян). Гьелда тIадеги лъазе ккола бицараб асар гьес жиндицагойищ ургъараб, ялъуни лъидасанниги-йищ рагIараб, асар магIна хисизабичIого гIурус мацIалдеги бусси-набизе бегьула.

Практикияб дарс

«МагIарул халкъиял кIалзул асарал лъазари» абураб темаялдасан этнографияб материал бакIариялъе тIадкъай.

1. Асарал рицарал гIадамазул цIарал хъвазе. Бициналъул къагIида, бицунесул хIакъалъулъ баянал хъвазе.
2. КучIдул, харбал, маргъаби, кицаби, абиял, ихьаби (частушка), гьари-рахьиял, магIаби, дугIаби мухIканго хъвазе.
3. Кинал кучIдул магIарулаз гIемер ахIулел ва гьел халкъалъе рокьиялъе гIилла кинаб бугеб?
4. БатIи-батIияб гIелалъул гIадамаз кинал кучIдул ахIулел?

Теориялъулаб дарс

§ 9. ТIагIел гьабиялъул ва къачIаялъул махщел лъазаби.

ГIумруялъул хIажалъаби тIуразе батIи-батIиял тIагIелал гьарулел гIадамаз хIаракат бахъулаан гьел пайда бугеллъун гурелги, жеги берциналлъун рукIинаризеги. Инсанас жиндирго рукIа-рахъиналъе хIалтIизарулел киналго тIагIелал къачIалаан, щибалъул: минаялъул, ретIел-хьиталъул, кьили-тIенкалъул, цIарагIалъул ва ц. букIана жиндиего хасиятаб куцалъ къачIай. Гьединаб гьунаралда тIагIел къачIаялъул махщелилан абулаан. ТIагIел берцинго къачIаялъулъ кIиго батIияб рахъ дандчIвала: цояб рокъоб хIалтIизабиялъе, цойгидаб базаралда бича-хисиялъе.

ТIагIел-алат гьабиялъул махщел лъазабизе лъугьиналде лъикIаб буго гьелъул бицен гьабураб литератураялъулгун, цебесеб,

6. Ханазул квен. ХIадур гьабулеб къагIида.
7. Овощал. Гьел хIадур гьарулеб ва цIунулел къагIидаби. Овощазул квен.
8. ЧчугIил квен. ХIадур гьабулеб къагIида.
9. ГьоцIо ва гьеб кванилъ хIалтIизаби.
10. Рокъор хIадурулел гьекъолел жал (чIагIа, чагъир, батIи-батIиял лъинал ва ц.), гьел хIадур гьарулеб къагIида. Ричун росулел гьекъолел жал раккараб заман ва гьезул батIалъаби.
11. Квен-тIехалъул нигIматал цIунулеб цIарагI. Квен хIадур гьабулеб ва гьеб цIунулеб цIарагI. Гьелъул хIакъалъулъ хъвазе ва суратал рахъизе.
12. Цересел гIасрабазда ва ахирал соназда кванилъ ккарал хисабасиял.

Теориялъулаб дарс

§ 8. МагIарул халкъиял кIалзул асарал лъазари.

ГIагараб ракь лъазабулез кIудияб кIвар кьезе ккола халкъиял кIалзул асарал лъазариялде ва гьел ракIариялде. Халкъиял кIалзул асаразда гьоркьоре уна церегосел лъугьа-бахъиназул асарал, маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял, бицанкIаби, календариял, рукIа-рахъиналъул, рокьул, кьалул кучIдузул поэзия. Халкъиял кIалзул асараз кIудияб бутIа лъола тарихиял лъугьа-бахъиназулъ гьоркьоб, ай гьезулъ рехсон рукIине бегьула тарихиял лъугьа-бахъинал.

МагIарул адабияталда жаниб рищун церегосел ккола кIалзул асарал. Маргьабиго гIадин, магIарул кIалзул асаразда гьоркьор уна тарихиял кучIдулги. ГIурус мацIалда тарихиял кучIдузулъ - былинабазулъ лъугьа-бахъин цIакъго кIодо гьабун ва гIемеразулъ аслияб иш гьабулесул сипат-сурат ва мухIканаб цIар бихьизабун букIунаро, амма магIарул кIалзул асаразулъ иш лъугьараб бакI, гьелъул аслияв цевехъан, гьоркьор гIахьаллъаразул цIарал баян гьарун рукIуна.

Церегосел асаразда гьоркьоре уна календаралда ва гIадатазда хурхарал кучIудулги. Гьезулъ букIуна ракь бекьулаго, тIабигIиял лъикIал ва заралиял рахъазул бицунел ва цогидабги хIалтIи-ишалда бухьен бугел кучIдул. Гьединго гьезда гьоркьоре уна магIабиги – чи хвараб мехалда ахIулел кучIдул. Халкъиял кIалзул асаразулъ кIудияб бакI ккола рокьул, махсара-хочIалъул, рукIа-рахъиналъул, хIайваназул хIакъалъулъ кучIдуз, харбаз ва маргьабаз. Гьезул асли-

ЖамагIаталъулъ щулалъарал, ай гьелъул гIадатал цIунизе ва лъазе тIадаб буго жамагIаталде гьоркьоб унеб щибаб тухумалда, щивав чиясда, щай гурелъул гьезлъидал ракълида, дагIба-рагIи гьечIого гIумру гьабиялъе квербакъи гьабулеб. Гьел гIадатал руго цойгидасдехун гьуинго вукIин, гьобол къабул гьави, маслигIат, цоцазе кумек гьаби, дагIба-къецалъе ахир гьаби гIадинал ва гьезда релълъарал.

Практикияб дарс

«ЖамагIаталъул гIадатал лъазари» абураб темаялдасан этнографияб материал бакIариялъе тIадкъай

1. Щиб тIадаблъун гьабулеб эбел-инсул адаб цIуниялъул гIадаталъ?
2. ЖамагIаталда гьоркьоб кида ва кинал лъугьа-бахъиназда цоцазе кумек гьабулеб?
3. Гьобол къабул гьави.
4. Щиб тIадаблъун гьабулеб цойгидаздехун гьуинго вукIиналъул гIадаталъ?
5. МагIаруласда щиб тIадаблъун гьабулеб гьоболлъи гьабиялъул гIадаталъ?
6. Сундулъ букIунеб вацлъиялъул гьудуллъиялъул гIадат? Кин нужеда гьеб бичIчIулеб?
7. ГьветI-хералде ва рухIчIаголъабазде гIадамасул цIуна-къаялъулаб бербалагьиялъул хIакъалъулъ хъвазе.

Теориялъулаб дарс

§ 2. ЖамагIаталъул гIадатал лъазари.

Дагъистаналъул халкъаз цебегоялдаса нахъе рикIкIунаан гIолеб гIелалъе тарбия кьей жамагIат цIуниялъе ва гьелъул гIумру цебетIеялъе гьечIого гIолареблъун. ГIун бачIунеб гIелалъ жамагIаталъул гIадатал кигIан лъикI цIунаниги, гьедигIанго лъикI цIунун хутIулаан жамагIатги, кигIан гьез жидерго гIадатал рорхат, адабалда цIунаниги, гьедигIан къимат борхулаан жамагIаталъул.

Бокьараб жамагIаталъулъ рагIи данде ккун ва ракълида гIумру тIамизе ккани, гьеб жамагIаталъул гIадамаз цере лъурал шартIал ва цоцазда гьоркьор ругел хьвада-чIвадиялъул низамал цIунизе ккола. Гьеб рахъалъ мурадалде щола щивав чияс жиндирго гIамал жамагIаталъул гIаммаб гIамалалда данде ккезабулеб бугони.

ЖамагIаталъулъ ритIухълъи букIиналъе аслияб куцалъ нухмалъи гьабула гIадатаз, магIарул яхI-намусалъ.

Нилъеца цебехун бицанихъе, гIадатал – гьел кола гIасрабаз халкъалда гьоркьор щулалъарал хьвада-чIвадиялъул нормаби.

ГIадатал рукIуна кIиго батIиял: 1) жамагIаталъул гIадатал; 2) щивав чиясул гIамал-хасияталъулъ куцазе тIадал гIадатал. МагIнаялъул рахъалъ жамагIаталъул гIадатал инсанасул тIабигIаталъул гIадатаздаса гIемерго гъваридал руго.

ГIадатал хIалтIизарула жамагIаталъул ва хъизамалъул гIадамазда гьоркьор. Гьезул мурадлъун букIуна инсанасул хьвада-чIвадиялъул ва гIамал-хасияталъул гьоркьорлъаби лъикIаб рахъалде рачин. ГIадатазулъ бакIарун букIуна гIемерсонилаб гIумруялъул хIалбихьи ва гьелъул хаслъаби гIун бачIунеб гIелалъулъ куцаялъе кIудияб кумек гьабула. Ва гьедин гIадатаз жанир рачуна инсанасул ва жамагIаталъул гIумруялъул киналго рахъал ва гьел загьирлъула батIи-батIиял бакIазда, батIи-батIиял къагIидабаздалъун.

Практикияб дарс

«ЖамагIаталъул гIадатал лъазари» абураб темаялдасан этнографиб материал бакIаризе тIадкъай

1. ГIадатал. КIудиязул адаб цIуниялъул къагIидаби.
2. ГодекIанив, берталъ, гьоболлъухъ ва цойги батIи-батIиял бакIазда хьвада-чIвадиялъул низамал.
3. ГIадамаздехун цIунизе кколел адабал кинал нужеда лъалел? Адабалда чIахIияздехун, кьерилаздехун, руччабаздехун кIалъаялъул къагIидаби.
4. Салам кьеялъул кинал къагIидаби нужеда лъалел?
5. Къо-лъикI гьабиялъул кинал къагIидаби нужеда лъалел?
6. Росулъ хIалтIизарулел гьари-рахьиял рице.
7. Кьурдабазулъ цIунизе кколел адаб-низамазул хъвай.

Теориялъулаб дарс

§ 3. БакIалъулал гIадатиял пишаби лъазари.

Инсанасул гIумруялъулал пишаби лъазаризе байбихьизе ккола ракь хIалтIизабиялдаса ва гIи-боцIи хьихьиялдаса, щай гурелъул гьеб буго гIадамас гIумру гьабиялъе хIажалъулеб бищун кIвар бугеб пиша. Гьелъ жаниб бачуна халкъалъул культура ва рукIарахъин, батIияб къагIидаялъ абуни, гьелда бухьараб буго халкъа-

бухьен буго магIишаталдехун ва жиндиего хасиятаб культураялдехун, гьединго кваница рихьизарула миллатазулъ щулалъарал гIадаталги. Этнографиялъ бихьизабухъе, квен бикьула диналда бухьен бугел байрамкъоязда ва гIадатияб кваниде. Кинаб букIаниги тIагIам, нигIмат кванилъ хIалтIизабизе бегьунгутIи яги гьелдаса заманалъ инкар гьаби уна диниял гIадатазда гьоркьобе. Гьелги щибаб халкъалъул батIи-батIиял рукIине бегьула.

Квен-тIех лъазабулаго, хIисабалде босизе ккола мехелалда, ай сордо-къоялда жаниб, соназул батIи-батIияб заманазда, байрамкъояз, диниял гIадатазда рекъон кваналеб квен-тIех, гьелда гьоркьоб босизе кIочон тезе бегьуларо щибаб кванил гIуцIи, хIадур гьаби, хасият ва гь.ц. БатIи-батIияб кванил бицине, гьезие къимат кьезе ккани, лъазе ккола кинал нигIматаздаса ва кинаб къагIидаялъ гьеб хIадур гьабулебали, гьай-гьай гьеб щибаб миллаталъул, халкъалъул батIи-батIияб буго. МухIканго лъазабизе ккола бакIалъулаб квен-тIех, гьезул хаслъаби, цойгидазда данде ккун ругел батIалъаби, хIадур гьабулел къагIидаби.

Кванилгун бухьен букIуна гьеб хIадур гьабиялъе хIалтIизабулеб тIагIел-алаталда (шагIил, тIомол, цIулал, маххул, цIорол). ГьединлъидаI цIарагI ккола квен-тIех лъазабулелъул аслияздасан цояблъун; хасаб кIвар кьезе ккола бакIалъулаб цIарагIалде (гьелъул цIар, сурат). Квен-тIехалъул цIех-рех гьабулаго, лъазаризе лъикIал руго кванил хIакъалъулъ рицунел церегосел харбал, гIадатал, божиял, кин ва щай гьел рачIарал.

Практикияб дарс

« МагIарул квен-тIех лъазаби» абураб темаялдасан этнографиялъул материал бакIариялъе тIадкъай.

1. Чед, хинкIал ва ххаралъул цойгидаб квен. Гьеб хIадур гьабулеб къагIида. Байрамалда хурхун ва бакIалъул гIадатазда рекъон хIадур гьабулеб квен.
2. Кванил тайпаби (чурпа, хинкIал, карщ, цIурахинкIал ва ц.).
3. Ххараб ролъул, гIатIал хIадур гьабулеб лъамияб квен ва гьеб хIадур гьабулеб къагIида.
4. Гьанал квен (рукъалъул ва гIалхул хIайваназул) ва гьеб хIадур гьабулеб къагIида.
5. Рахь ва рахьдал нигIматал. Рахьдал нигIматал (бетарахь, риди, тIорахь, нису, хIан, нах) гьарулеб къагIида ва гьел цIуни. Рахьдал ва гьелъул нигIматазул квен ва гьеб хIадур гьабулеб куц.

Практикияб дарс

«МагIарул ретIел-хьит лъазаби» абураб материалалдасан этнографияб материал бакIариялъе тIадкъай.

1. МагIарул ретIел-хьит букъараб ххам ва цойгидаб материал.
2. МагIарул руччабазул ретIел. Гьезулъ батIалъаби (горде, цебекквел, хъабарча ва ц.). ратIлида абулел бакIалъулал цIарал, гьеб гIуцIун ругел бутIаби; кьералъул, лъутIиялъул, букъиялъул, ретIиналъул къагIидаби ва заман (риидалил, хасалил, гIадатияб, ай щибаб къоялъ ретIунеб, байрам къояз ретIунеб ва ц.).
3. МагIарул бихьиназул ретIел, гьелъул батIалъаби (горде, гужгат, чергес-чухъа, тIажу, хъабарча, тIимугъ, буртина). РатIлида гIадамаз абулел бакIалъул цIарал, гьел гIуцIун ругел бутIабазул, кьер-куналъул, гьабун бугеб къагIидаялъул ва заманалъул бицине.
4. Лъималазул ретIел.
5. БетIералда лъолел жал: бихьиназул – бухари, гIантIикIа; руччабазул – кIаз, чохтIо, гормедо; лъималазул – къохьотIа-гъур; гьел гьарураб материал (масала, куйдул тIехь, цойги хIайваналъул цIоко ва ц.), кьер-кун, гьари, къачIай, тIад лъолеб къагIида.
6. Хьитал: цIоко-къехьалъул, хьухьарал, буртинадул. Гьезулъ батIалъаби. ГIадатиял хьитазда бакIалъулаб цIар, ретIунеб къагIида, заман. Гьарулеб къагIида.
7. Рачел, габуркквел, квертIахелал, шватаби, гьел гьарулеб къагIида ва материал.
8. Берцинлъиялъе хIалтIизарулел жал: ратIлида накъищ угьи, тIупи (на-къищ угьиялъул къагIида, кьер-кун, ратIлида накъишал гьарулел бакIал ва накъишазда цIарал), батIияб ххам, чалу ва гь.ц. букъун ретIел къачIай; речлал, маржанал, маххал, баргъичал, кIилкIал, курхьаби ва ц.
9. МагIарул хIалтIул, гIадатияб, байрамалъулаб ретIел-хьит. Щиб гьелда гьоркьоб унеб?

Теориялъулаб дарс

§ 7. МагIарул квен-тIех лъазаби.

Квен-тIех ккола гIадамас гIумру гьабиялъе бищун хIажалъулеб жолъун, гьединлъидал гьелъ халкъалъул рукIа-рахъиналъулъ хасаб бакI ккола. Гьелъулъ руго щибаб миллаталъе хасиятал рахъал. Кванил гIуцIиялъул (гьанал, ччугIил, рахьдал, хурдузул ва ц.)

лъул рукIа-рахъин ва культура. Гьебги хIисабалде бо-сун, педагогасда-мугIалимасда лъазе ккола церегосел ракь хIалтIи-забиялъул къагIидаби, росдал магIишаталъул (аслияб куцалда ра-кьалдаса пайда босиялъул) хIалтIаби, гьелъул заманаби, кинаб къа-гIидаялъ гьел гьарулел ва хIалтIул алатал.

Церегосел цIунун хутIарал хIалтIул алатазул ялъуни гьезул хутIелазул рахъизе бегъула суратал, цIехезе ва лъазаризе ккола щибаб миллаталъ, росдаца гьезде абулел рукIарал цIарал.

ГIи-боцIухъанлъи лъазабулаго, кIвар бугеблъун ккола кинал хIайванал хьихьулел рукIарал, гьел щиб къагIидаялъ хьихьулел рукIарал лъазаби. КIвар кьуни пайда бугеблъун буго гIи-боцIи гочунел рукIарал нухал, риидал ва хасало гьел хьихьулел рукIарал бакIал, гIи-боцIухъанлъиялъе хIалтIизарулел рукIарал тIагIел-алатал ва гьезда цIарал. Масала, чодул кьили-тIенк, оцазул гьоко, гIибоцIи кваназабизе пайда босулел рукIарал алатал ва гь.ц.

КIвар кьезе ккола гьел гурелги цойгидал бакIалъулал пишабазде: ахихъанлъиялде, найихъанлъиялде, ччугIихъанлъиялде ва ц.

Росдал магIишаталъул хIалтIаби, хIалтIул алатал лъазарулаго, хIисабалде босизе ккола киса гьел рачIарал, гьел бакIалъулалищ яги рачIаралищ кколел, кIиго батIияб росдал магIишаталъул цоцазе гIаммал рахъал.

Росдал магIишаталъул цойгидал махщелал лъазарулаго мугIалимас кIваркьезе ккола щиб росдал кинаб махщел-пиша букIарабали лъазабиялде, гьелъул гIадамаз аслияб куцалъ кинаб махщел тIаса бищулеб букIарабали, гьездасан кинал махщелал цIунун хутIарал, кинал тIагIарал. Лъазе кIвар бугеблъун буго щибаб махщелалъе хIажалъулел алатал, къайи-цIа; хIажатаб къайи хIадуриялдаса байбихьун, гьелъул хIалтIи гьаби ва хIадурараб тIагIел къватIиб кьей. Масала, буртина гьабиялъе хIажалъула квас, гьеб киса босулеб букIараб, кин хIадурулеб, буртина хIадур гьаби ва гьабун лъугIараб буртина. Щвалде щвараб жаваб гьелъие щвезе бегьула хасаб махщалида бухьен бугел устарзабазухъан, нилъехъего щварал баяназдасан, тIагIелаздаса пайда босун. Лъазабуни лъикIаб букIина щибаб бакIалда, махщелалда, гьелдаго цадахъ тIагIелалазда, хIалтIизабулеб материалалда, хIадурараб къайицIаялда цIарал.

Гьеб киналдасаго хадуб, щварал баяналги данде ракIарун, хIалтIи-пиша байбихьиялдаса гьеб гьабун лъугIизегIан хIалтIул иналъул хIакъалъулъ хъвазе ккола.

Практикияб дарс

«БакIалъул гIадатиял пишаби» абураб темаялъе этнографияб материал бакIариялъе тIадкъай

1. Цебе заманалда ракь хIалтIизаби. Аслияб куцалда рекьулел рукIарал хьонал (ролъ, бугIа, пурчIина, огоб ва ц.), росдал магIишаталъул хIалтIаби (ракь беги, бекьи, тIоргщел гIезаби ва бакIари), гьелъул заман. Росдал магIишаталъул халкъияб календарь.
2. Рекьул алатал (пуруц, газа), гьел гIуцIун ругеб куц ва хIалтIизарулеб къагIида. Ракь хIалтIизабиялъе заводалъулаб тIагIел-алат баккараб заман.
3. ТIоргщел бецулел алатал (харицел, нилъ, хъандиро).
4. ТIоргщел бакъвазабулеб къагIида, цIунулеб къагIида ва гьелъие хIажалъулел тIагIел-алатал.
5. Лал тIами. ГьоцIу ва гьеб хIадури. Лал тIамиялъе хIажалъулел алатал. ТIоргщел борцунеб къагIида. Ракь борцин ва гьелъие хIажалъулел алатал.
6. Лал тIамураб тIоргщел цIунулеб къагIида.
7. Лъадал ва кверзул гьабазул гIуцIи.
8. Ахихъанлъи, бахча ва пастIан хIалтIизаби. Ахил ва бахчаялъул тIоргщел.
9. ГIи-боцIухъанлъи. МагIишаталда гIи-боцIи хьихьи ва гьезул тайпаби. ГIи-боцIи хьихьиялъул къагIидаби (гочинарун, цо бакIалда тун).
10. Найихъанлъи, гьелъул къагIидаби, гьелъие хIалтIизарулел рукIарал алатал. Найихъанлъиялъулъ цIунун хутIарал халкъиял гIадатал.
11. Чанахъанлъи ва ччугIихъанлъи. Гьелъул заман, гьабулеб букIараб къагIида ва алатал.
12. Кверзул махщел. Щибалъул сипат-сурат ва цебетIей (щибаб махщелалъул хIакъалъулъ хъвазе).
13. Цебесеб ва гьанжесеб колхоз-совхозалъул магIишат: ракь хIалтIизаби ва гьелъул къагIидаби. Фермерасулаб магIишат.

Теориялъулаб дарс

§ 4. ГIадамаз гIумру гьабулел бакIал лъазари.

Этнографиялда гIагараб ракь лъазабиялъулъ бищун кIвар бугеблъун ккола гIадамаз гIумру гьабулеб бакI лъазаби, гIураб росдал,

гIиял, магIишатиял, инсанасул социалиябгун экономикияб гIумруялъул бицунел гIаламатал, гIасрабазул гIадатал.

РетIел-хьит букIуна гIадатияб, байрамалъул яги цо кинаб бугоники лъугьа-бахъиналда хурхараб. Гьеб дандчIвала бацараб, ай бетIералдаса ретIунеб, багьараб. ТIад ретIиналъухъ балагьунги батIи-батIияб буго ретIел: черхалда ретIунеб, тIасан ретIунеб, гъуждузда ретIунеб. РетIел бараб буго гьабураб ххамидаги, гьединлъидал гьеб бикьула лъабго бутIаялде: тIубараб (цельнокройная) – цо тIубараб цIоко тIехьалъул яги ххамил бутIаялъул гьабураб; чIедераб (туникообразная) – гъажалдаса рехараб чIедераб ххам; гIебаб (кимонообразная) – гъуждул, къвалалгун цадахъаб горде.

МагIарул халкъияб, умумузул ретIел гьанже ретIунеб гьечIо, къанагIат гьеб данд чIвазе бегьула херал гIадамазда. Гьеб дагьаб буго, гье-динлъидал пайда босизе бегьула херал гIадамазул хабараздасан, адабияталдасан, архиваздасан, церегосел суратаздасан ва музея-лъул этнографиялъул коллекцияздасан. Гьезул кумекалдалъун кIола цебегосеб ретIел-хьиталъул сурат цебе чIезабизе ва жакъа къоялде гьелъулъ ккарал хиса-басиял лъазе.

Халкъияб ретIел-хьит лъазаби бачине ккола цо чIараб тартибалда: кинаб ххамил гьабун бугеб, гьеб бихьиназулищ яги руччабазулищ, хьитал, тIагърал, кIазал, чохтIаби ва цогидалги бетIералда лъолел, къалел жал, речлал, берцинлъиялъе ралел жал (баргъичал, курхьаби, кIилкIал ва ц.). ХIисабалде босани лъикIаб буго ретIел-хьиталде абулел бакIалъулал цIарал, гьелъул гIуцIи, къачIай, батIи-батIиял халкъазул ратIлилъ гIаммал рахъал, гьездалъун миллаталъул бухьенал. МагIарул цебегосеб ретIел-хьит лъазабулаго хIисабалде босизе ккола Дагъистаналъул, Кавказалъул кинал бакIазда гьелъулъ гIаммал рахъал ругелали.

Халкъияб ретIел-хьит лъазабулаго, гьоркьоб тезе бегьуларо гьелъул щибаб бутIа, дандекквей, букъи, ретIел-хьит данде бачунел бакIал ва гьел щула гьарулел къагIидаби; ретIелалда куналъ накъишал гьари – тIупи ва цогидабги ретIел-хьит къачIай. Гьелъул суратал фотоаппараталъ рахъани лъикIаб буго. Гьениб кIвар кьезе ккола магIарул гIадатияб ва байрамалъулаб ратIлиде. Киналъулго хIасил гьабилалде лъай-хъвай гьабизе лъикIаб буго гьелъул хIакъалъулъ хъварал адабияталъул асаразулгун, музеязулгун, этнографиял коллекциязулгун.

гьелъул план бахъани, рукъзазул бицен гьабуни, цоцазул бухьен, гІуцІи лъазабуни. Бицен гьабе минаялъул архитектуриялде, жанисан къачІа-кІатІаялде, гІадатияб бакІалъулаб ракІа-рахариялде ва цогидалги хаслъабазде.

Практикияб дарс

«МагІарул мина-руссенал лъазари» абураб темаялдасан этнографияб материал бакІаризе тІадкъай.

1. ГІумру гьабулеб бакІ, гьелда цІар (хъощ, рукъ, мина ва ц.). Нухалда данде ккун гьеб бан бугеб къагІида.
2. Кумекалъулал ва магІишатиял бакІалгун цадахъ рарал минаби. Гьезул гІуцІи, пайда босараб материал, къагІида.
3. Минаялъе хІалтІизабураб материал ва гьеб бан бугеб къагІида: а) тІад чІван бугеб къагІида (битІун, гургинго); б) къватІисан тІохалъул гІуцІи, гьелъул материал (муцІи, шегІ,махх, шифер, цІул, ракь); в) минаялъул кьучІазул ва къадазул гІуцІи; г) къадазул борхалъи (чантІалияб); д) нуцІби-гордабазул форма ва гьел чан ругел, цебе ва гьанже гьезул роцен; е) рокъоб хинлъи ва канлъи (гъансито, къватІисан канлъи бачІине тараб каратІ, гордо); ж) каву ва чали (ганчІил, хьопалъ хьухьараб, муцІидул, цІулал, гІурдузул); з) рукъалъул архитектурияб къачІай, гамачІ бекІкІи, накъищ бахъи, къадазул сокІкІи, цІулалда накъищ бахъи, къадазда накъищ бахъи, гьел рохьи, хъахІ гьари ва гь.ц.
4. МагІарул минаби раялъул церегосел гІадатал. Минаби раялъулъ жамагІаталъул, бегавулзабазул нухмалъи.
5. Рукъзабазул жанисан ракІа-рахари.
6. Росулъ бищун цебегосеб авал, рищун церегосел минаби лъазари, гьезул биценал, хъвай-хъвагІаял, роценал, планал, суратал, гьезул бетІергьабазул ва рарал устарзабазул цІарал.
7. Церегосел минаби раялъул тІагІел-алатал, минаби раялъул гІуцІи (гІаммаб, цадахъаб, тухумалъул, хъизамалъул), минаби ралел устарзаби-къадахъаби. Халалъи, гІатІилъи борциналъул халкъиял роценал.

Теориялъулаб дарс

§ 6. РетІел-хьит лъазаби.

Материалияб культураялъул кІвар бугеб бутІалъун ккола ретІел-хьитги. РетІел –хьит инсанас ургъана живго сверухъ бугеб тІабигІаталдаса цІунизелъун. Гьелъулъ загьирлъун рукІуна тІаби-

районалъул гІаммаб ва хасаб цІар лъазаби. Гьеб гьечІого гІолареблъун ккола нилъер ракьалъул тарих, гьенир гІумру гьабулел гІадамазул, гьелъул экономикиял ва культуриял церетІеял лъазарулаго.

Росаби – гьел ккола кидаго яги заманалъ гІадамаз гІумру гьабулел бакІал. ГІадамаз гІумру гьабизе бегьула нохъазда, кулабазда ва цойгидалги гІумру гьабиялъе санагІалъи бугел бакІазда, амма росаби ккола гьездаса рищун церетІураллъун ва гьел лъазари этнографиялъулъ кІвар бугеб бутІаялъун ккола. Росаби рукІине бегьула магІишаталъул рахъалъ кІвар бугел бакІаллъунги, инсанасе рухІияб яги цойги рахъалъ тІокІлъаби щолел бакІаллъунги, жамагІаталъе, сверухъ ругел росабазе кІвар цІикІкІарал бакІаллъунги.

Росаби лъазаризе бегьула чанго батІияб къагІидаялъ: морфологияб, генетикияб, ишалъулаб, рикІкІадулаб ва гь.ц.

Морфологияб рахъалъ росаби лъазариялъул къагІида босани, гьеб бикьула росу баялъул батІи-батІиял гІуцІиялде: 1) гохІахараб (бусенгІадаб), гургинаб; 2) мухъилаб (цомухъилаб, гІемермухъилаб); 3) къватІазулаб.

ГохІахараб (бусенгІадаб) росдал гІуцІи букІуна бакІ-бакІалда минабазул гъунки бугеб, гургинаб росу гІуцІун букІуна кинаб букІаниги кІвар бугеб бакІалда сверухъ (годекІаниб, хІорида ва ц.), росдал бакьулъ кІвар бугеб бакІ кколеб къагІидаялъ. Дагъистаналда гІемерал руго гІемермухъилал, гъункарал росаби; мугІрузда гьел руго болъо гІадинал, ай цо мина цойгидалда тІад цун барал.

Генетикияб къагІидаялъ гІумру гьабулеб бакІ лъазабулаго, кІвар бугеблъун ккола гьелъул кІодолъи-гьитІинлъи: кули, росу, поселок ва ц.

ГІумру гьабулеб бакІалъул топонимикаялде гьорлъе уна лъугІарал яги лъугІун унел ругел мацІазул, миллатазул хутІелал, цебе ва гьанже гІумру гьабулеб бакІалъулъ ккарал хиса-басиял, тарихиял лъугьа-бахъиналал, цебе ва гьанже гІадамазул пиша-иш, цере рукІарал, амма чІунтизе тарал росабазул цІарал.

ГІумру гьабулеб бакІ лъазабулаго, гьоркьоб тезе бегьуларо гьеб бижи, цебе ва гьанже гьелъул кІодолъи-гьитІинлъи, гьенир чІезарун рукІарал гІумруялъе бигьалъиялъул шартІал (нух, лъим, газ, ток, гІурччинлъи ва ц.). ГІумру гьабулеб бакІалъул ригь, ай гьелъ бараб заман лъазабизе бегьула тарихиял хъвай-хъвагІаязда рекъон, нилъго хадур лъугьун гІумру гьабулел бакІазда хутІарал хутІелазул хІисаб гьабун, гьездалъун. Гьелъие кумек щола бакІа-

лъулал гIадамаз рицунел церегосел биценазул ва хабаразул. Гьел рукIине бегьула кули, росу гIуцIиялда хурхарал, гьениб мадраса, мажгит баялда хурхарал, бакIалъул гIадамазе кIвар бугел рарал бакIазда ратизе бегьула бараб заманалъул къо-моцI-сон хъварал хутIелал, нахъе хутIарал археологиял памятникал, занал – гьеб киналъго кумек гьабула гIумру гьабулеб бакIалъ рарал сонал чIезаризе, мухIкан гьаризе. Бищун цIикIкIараб кумек гьелъие щола археологаздасан.

Практикияб дарс

«ГIумру гьабулел бакIал лъазари» абураб темаялдаса тарихияб ва этнографиялъул материал бакIаризе тIадкъай

1. Росу бижиялъул тарих, бицен. ЦIар киса бачIараб?
2. Росу лъица ва кин гIуцIараб (гIисинал росаби данделъун, цойги росулъа гочун рачIарал гIадамаз, бид вахъун вачIарас, чияр ракьал рахъулезищ ва ц.)?
3. Росу баялъул къагIида (гургинаб, мухъилаб, къватIазулаб).
4. Росдал тухумазул цIарал ва гьезул рачIин.
5. Росдал авалазул цIарал ва гьезул рачIин; росдал церегосел ва нахъа рарал бакIал.
6. Росулъ дин кида тIибитIараб ва гьеб лъица гьенибе бачIараб?
7. Ислам босизегIан жамагIаталъул кинаб дин букIараб ва гьелъие кинаб хIужжа бугеб?
8. Нужер росулъ ругел «хириял», «тIадегIанал» бакIазул цIарал. гьел кир ругел ва гьезул тарих.
9. Нужер росу гIарабалгун, монголалгун, персалгун, туркалгун, гуржиялгун, гIурусалгун къеркьеялъул щиб дуда лъалеб? Гьединал рагъазулъ росуцоязе лъица бетIерлъи гьабулеб букIараб?
10. Щиб округалде, кинаб гIуцIиялде гьоркьобе унеб букIараб цебе нужер росу? ЖамагIаталъулги росдал феодалазулги (бечедазул) букIараб гьоркьоблъи.
11. Нужер росдал цойги кинаб росдалгун лъикIаб гьоркьоблъи букIараб? Гьелъие гIилла.
12. Нужер росулъ ялъуни гьелда сверухъ ругищ церегосел (басриял) килисаби, мажгитал, щулалъаби, хъулби, росаби, кулал яги гьезул хутIелал? Ратании, гьезул цIарал хъвай.
13. Нужер росдада аскIор церегосел хабал, кьурабазда рахъарал суратал, хъвай-хъвагIаял, археологиял памятникал ругищ?
14. Нужер росдада аскIор, сверухъ ругел лъаразда, гIоразда, мугIрузда, хурзабазда, мучIдузда, харибакIазда, гьабазда ва цогидалги бакIазда цIарал. Лъалищ гьел киса рачIаралали?
15. Росулъ кинал гIаммал бакIал рукIарал цере ва ругел гьанже (мажгит, мадраса, школа, клуб, гьабал ва ц.).
16. Росдал цIаракиязул рикIкIен (цебе ва гьанже).
17. Росулъ гIумру гьабулел гIадамазул рикIкIен (цебе ва гьанже).

Теориялъулаб дарс

§ 5. Мина-руссенал лъазари.

Мина-руссенал – гьел ккола гIадамас ургъарал яги тIабигIаталда лъугьарал, гIумру гьабиялъе, тIабигIиял ва рухIчIаголъабазул зараладаса цIуниялъе инсанас пайда босулел бакIал. Этнографиялъул халгьабиялъулъ гьез ккола кIвар бугеб бакI.

Щибаб миллаталъул гIумру гьабулел бакIазул, ай минабазул цойгидазда релълъинчIеб хаслъи, гьалип букIуна. Гьеб бараб буго гIумруялъул батIи-батIиял рахъазда: тIабигIаталъул ресазда, магIишаталъул, техникадул цебетIеялда, хъизамалъул рукIа-рахъиналда, гIадатазда. Гьеб киналъго лъалкI тола минаби раялъулъ, гьезул гIуцIиялъулъ ва къачIаялъулъ. Этнографиялда гIумру гьабулел бакIал рихьизарун руго чанго батIи-батIиял: соналъул щибаб гIужалъул – риидалил, хасалил; дагьаб заманалъ гIумру гьабизе рарал – чатма, хъощ, паж, нохъо, гочарулел гIадамазул гьакал; гIемераб заманалъ гIумру гьабизелъун рарал – рукъзал, минаби.

ГIумру гьабулел бакIал лъазарулелъул, гьезул гIатIидго бицине ккола, лъикIаб буго хъвай-хъвагIаяздалъун бицен гьабуни: мина-рукъ гIуцIун бугеб куцалъул план, рахъизе ккола суратал. Хъвазе, бицен гьабизе ккола минабазда жанир рарал бакIазул – печазул, гьанситоязул; кинаб къагIидаялъ гьел тIад чIван ругел, ратIа тIурал рукъзал, гьелъие гIилла, хIубал, минаби, кIармал ва цогидалги хаслъаби. Гьединго хIисабалде босе рукъзал ралаго жамагIаталъ цIунулел рукIарал гIадатал: цоцазе кумек гьаби, гвай бай, хIалбикьи ва квербакъи гьаби.

Минаби лъазаризе байбихьизе лъикIаб буго батIа-батIаго, гьелъул щибаб рахъалъул кIвар, мурад хIисабалдеги босун – росдал мухъилъ кин гьеб бан бугеб, щиб рахъалде буссун бугеб, щиб бакI гьелъ ккoлеб бугеб (рагIал, бакьулълъи, тIадегIан, гьоркьегIан), минаялъул ва азбаралъул бухьен. Хъвай гьединго мина сунца бан бугебалиги. Минаялъул жаниссеб рахъалъул бицунаго, лъикIаб буго